

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya, anu perenahna di jalan Patrol Kulon Manonjaya-Tasikmalaya 46197. Ieu panalungtikan museur kana kamampuh ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média audio visual.

Subjek dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas X SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya taun ajaran 2012/2013. Subjék panalungtikan dipilih sacara acak pikeun nangtukeun anu mana kelas éksperimén jeung anu mana kelas kontrol. Kelas X-3 salaku kelas kontrol, jumlah siswana aya 30 urang, 12 urang lalaki, 18 urang awéwé. Sedengkeun salaku kelas eksperimen nya éta kelas X-4 anu jumlahna sarua 30 urang, 13 lalaki jeung 17 sésana awéwé.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan anu digunakeun nya éta *Pretest-Posttest, Non Equivalent Control Group Design*.

<b>R</b>	<b>O<sub>1</sub></b>	<b>X</b>	<b>O<sub>2</sub></b>
<b>R</b>	<b>O<sub>3</sub></b>		<b>O<sub>4</sub></b>

Gambar 3.1 Desain Panalungtikan  
(Sumber: Syamsudin jeung Vismaia, 2009: 159)

Keterangan:

R : Nangtukeun sampel sacara acak

O<sub>3</sub>: Tés awal kelas kontrol

O<sub>1</sub>: Tés awal kelas éksperimén

O<sub>4</sub>: Tés ahir kelas kontrol

Mella lisyanti gustiar, 2013

Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

O<sub>2</sub>: Tés ahir kelas éksperimén

X : Perlakuan media audio visual

Tujuan tina ieu desain nya éta pikeun nalungtik aya henteuna hubungan sabab akibat anu ngagunakeun perlakuan ka salasihiji kelompok sarta ngabandingkeun hasilna jeung kelompok anu teu maké perlakuan.


Ieu panalungtikan dimimitian ku nyieun heula rarancang panalungtikan, tuluy dijieun ogé rarancang pangajaranana (RPP). Sanggeus kitu, perlu nyusun instrumén panalungtikan anu diujikeun ka kelas éksperimén jeung kelas kontrol. Boh kelas éksperimén boh kelas kontrol, duanana dibéré tés awal (pratés) jeung tés ahir (postés) anu sarua. Bédana, kelas éksperimén dibéré perlakuan atawa *treatment* anu mangrupa média audio visual, sedengkeun kelas kontrol henteu ngagunakeun média audio visual.

Sanggeus pratés jeung postés dilaksanakeun, data tina hasil uji kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa di kelas éksperimén jeung kelas kontrol téh dianalis. Pikeun nganalisis éta data kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa di kelas éksperimén jeung kelas kontrol téh ngaliwatan tilu tahap ngitung. Kahiji, néangan rata-rata kelompok boh kelas éksperimén boh kelas kontrol. Kadua, néangan standar déviasi ti masing-masing kelompok boh kelas éksperimén boh kelas kontrol. Katilu, ngitung Uji-t atawa uji hopotésis ti masing-masing kelompok boh kelas éksperimén boh kelas kontrol. Sangkan leuwih jelas, kagambar dina bagan di handap.

**Mella lisyanti gustiar, 2013**  
**Media audio visual untuk meningkatkan**

**Kemampuan menyimak dongeng**

**(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)**



Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

### Bagan 3.1 Léngkah-léngkah Panalungtikan

#### 3.3 Méthode Panalungtikan

Panalungtikan ilmiah dina enas-enasna mah mangrupa tarékah pikeun meunangkeun, mekarkeun, sarta ningali bebeneran hiji élmu pangaweruh. Unggal panalungtikan ilmiah miboga dadasar métode anu bisa dipertanggungjawabkeun bebeneranana.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode ékspérimén kuasi. Nurutkeun Suyatna (2002:17) métode kuasi ékspérimén nya éta salasahiji métode panalungtikan ngeunaan kaayaan praktis, anu di jerona ngan nyokot sababaraha variabel anu tangtu, sabab teu mungkin upama ngontrol sakabéh variabel anu rélevan.

Méthode ieu digunakeun pikeun ngukur sarta ngabandingkeun éféktifna média audio visual ti batan média konvensional dina pangajaran ngaregepkeun dongéng di kelas X SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya.

#### 3.4 Wangenan Operasional

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

Sangkan ieu panalungtikan teu nimbulkeun salah tapsir, aya sababaraha wangenan operasional ngeunaan hal-hal anu patali jeung judul panalungtikan, di antarana:

- 1) Média audio visual, nya éta salaku bahan anu di jerona nyangkaruk pesen dina wangun peralatan sora jeung gambar dina saunit anu dimangpaatkeun sacara babarengan dina pangajaran ngaregepkeun dongéng di kelas X SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya.
- 2) Kamampuh ngaregepkeun dongéng, nya éta kamampuh siswa di kelas X SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya kana pangajaran ngaregepkeun dongéng ku cara maham eusi sarta unsur instrinsik dongéng.

### 3.5 Instrumen Panalungtikan

Kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku instrumén nu digunakeun, lantaran data nu diperlukeun pikeun ngajawab patalékan panalungtikan (masalah) jeung nguji hipotésis bakal kanyahoan ngaliwatan instrumén.

Dumasar kana éta hal, instrumen téh hiji hal anu penting pikeun ngahontal tujuan anu dipiharep. Ku kituna, instrumén salaku alat pikeun ngumpulkeun data kudu disusun kalawan gemet sangkan bisa ngahasilkeun data anu objéktif.

Instrumen panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta wacana lisan jeung tés kamampuh ngaregepkeun dongéng (pratés jeung postés). Instrumén tés dina pratés jeung postés ngagunakeun dongéng anu judulna “Si Kabayan Ngajual Munding”, sedengkeun instrumén anu dipaké pikeun perlakuan (*treatment*) nya éta dongéng anu judulna “Si Kabayan Ngalamun” jeung “Si Kabayan Ngala Nangka”.

**Mella lisyanti gustiar, 2013**  
**Media audio visual untuk meningkatkan**

**Kemampuan menyimak dongeng**

**(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)**

### 3.5.1 Kisi-kisi Soal

#### 3.5.1.1 Kisi-kisi Soal Praté jeung Postés

Kisi-kisi soal disusun pikeun nguji kamampuh ngaregepkeun dongéng pratés jeung postés di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol siswa kelas X SMAN 1 Manonjaya Tasikmalaya salaku réspóndén dina ieu panalungtikan. Kisi-kisi soal pratés jeung postés dina ieu panalungtikan didadarkeun di handap.

Tabel 3.1 Kisi-kisi Soal Praté jeung Postés

No.	Aspek	Indikator	Nomor Soal	Ranah Kognitif
1.	Unsur Instrinsik	✓ nyebutkeun palaku jeung pasipatanana	1, 2	C <sub>1</sub>
		✓ nyebutkeun galur	3	C <sub>2</sub>
		✓ nyebutkeun latar	4,5	C <sub>1</sub>
		✓ nyebutkeun tema	6	C <sub>2</sub>
		✓ nyebutkeun amanat	7	C <sub>2</sub>
2.	Nyaritakeun deui	✓ nyaritakeun deui eusi dongéng	8	C <sub>2</sub>

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)



### 3.5.1.2 Kisi-kisi Soal Perlakuan (*Treatment*)

Kisi-kisi soal perlakuan (*treatment*) dina ieu panalungtikan sarua jeung kisi-kisi dina pratés jeung postés nya éta saperti ieu di handap.

Tabel 3.2 Kisi-kisi Soal Perlakuan (*Treatment*)

No.	Aspek	Indikator	Nomor Soal	Ranah Kognitif
1.	Unsur Instrinsik	✓ nyebutkeun palaku jeung pasipatanana	1, 2	C <sub>1</sub>
		✓ nyebutkeun galur	3	C <sub>2</sub>
		✓ nyebutkeun latar	4,5	C <sub>1</sub>
		✓ nyebutkeun tema	6	C <sub>2</sub>
		✓ nyebutkeun amanat	7	C <sub>2</sub>
2.	Nyaritakeun deui	✓ nyaritakeun deui eusi dongéng	8	C <sub>2</sub>

## 3.5.2 Soal jeung Pedoman Meunteun Soal

### 3.5.2.1 Soal

Wangun soal dina ieu panalungtikan nya éta tés uraian anu jumlahna aya dalapan soal, saperti ieu di handap.

1. Saha waé palaku anu aya dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

2. Kumaha pasifatan/watek para palaku dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
3. Jéntrékeun sacara singget galur dina dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”!
4. Dimana waé latar patempatan anu aya dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
5. Iraha waé latar waktu dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
6. Naon téma dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
7. Amanat naon anu hayang ditepikeun ku pangarang dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
8. Caritakeun deui dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding” ku basa sorangan!

### 3.5.2.2 Pedoman Meunteun Soal

Tabél 3.3 Pedoman Meunten Soal

No.	Aspek	Indikator	Butir Soal	Skala
-----	-------	-----------	------------	-------

Mella lisyanti gustiar, 2013

Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)



1.	Unsur Instrinsik	<ul style="list-style-type: none"> <li>- ngaregepkeun dongéng kalawan saregep.</li> <li>- nyangkem sarta maham kana unsur-unsur instrinsik dongéng.</li> </ul>	1. Saha waé palaku anu aya dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?	1-3
			2. Kumaha pasifatan/watek para palaku dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?	1-3
			3. Jéntrékeun sacara singget galur dina dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”!	1-3
			4. Dimana waé latar patempatan anu aya dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?	1-3
			5. Iraha waé latar waktu dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?	1-3
			6. Naon téma dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?	1-3
			7. Amanat naon anu hayang ditepikeun ku pangarang dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?	1-3
2.	Nyaritakeun deui	- nyaritakeun deui eusi dongéng ku basa sorangan.	8. Caritakeun deui dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding” ku basa sorangan!	1-4
<b>JUMLAH</b>				8-25

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

Keterangan Skala Peunteun:

1. Saha waé palaku anu aya dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
  - 3 : jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng.
  - 2 : jawaban ngadeukeutan kanu sabenerna.
  - 1 : jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)
2. Kumaha pasifatan/watek para palaku dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
  - 3 : jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng.
  - 2 : jawaban ngadeukeutan kanu sabenerna.
  - 1 : jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)
3. Jéntrékeun sacara singget galur dina dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
  - 3 : jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng.
  - 2 : jawaban ngadeukeutan kanu sabenerna.
  - 1 : jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)
4. Dimana waé latar patempatan anu aya dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
  - 3 : jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng.
  - 2 : jawaban ngadeukeutan kanu sabenerna.
  - 1 : jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)
5. Iraha waé latar waktu dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?

**Mella lisyanti gustiar, 2013**  
**Media audio visual untuk meningkatkan**

**Kemampuan menyimak dongeng**

**(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)**

- 3 : jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng.  
 2 : jawaban ngadeukeutan kanu sabenerna.  
 1 : jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)
6. Naon téma dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
- 3 : jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng.  
 2 : jawaban ngadeukeutan kanu sabenerna.  
 1 : jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)
7. Amanat naon anu hayang ditepikeun ku pangarang dina dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding”?
- 3 : jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng.  
 2 : jawaban ngadeukeutan kanu sabenerna.  
 1 : jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)
8. Caritakeun deui dongéng “Si Kabayan Ngajual Munding” ku basa sorangan!
- 4 : jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng.  
 3 : jawaban kurang lengkep tapi luyu jeung téks dongéng.  
 2 : jawaban singget ampir ngadeukeutan kanu sabenerna.  
 1 : jawaban salah (teu luyu/teu lengkep)

### 3.6 Tehnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data perlu aya alat atawa téhnik nu tangtu, luyu jeung masalah katut métode panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta tés.

Mella lisyanti gustiar, 2013  
 Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

Tés nurutkeun Djiwandono (1996: 27) nya éta kumpulan pertanyaan atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat individu atawa kelompok.

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés kamampuh (achievement test). Tes ieu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa sanggeus diajar (Arikunto, 2006: 151).

Dumasar kana tujuan panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng, dina ieu panalungtikan digunakeun tés awal jeung tés ahir. Tés awal digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng saacan perlakuan, sedengkeun tés ahir digunakeun pikeun mikanyaho aya atawa henteuna peningkatan kamampuh siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng sanggeus dibéré *treatment* mangrupa média audio visual.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta: (1) nyusun instrumén panalungtikan anu wangunna tés; (2) ngalasanakeun pratés; (3) ngayakeun perlakuan (*treatment*) ngagunakeun média audio visual; (4) ngalaksanakeun postés; jeung (5) ngumpulkeun hasil tés.

### 3.7 Prosedur Ngolah Data

Téhnik ngolah data ngolah data mibanda tujuan pikeun néangan jawaban kana pasualan dina ieu panalungtikan. Aya sawatara léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun dina ngolah data diantarana: (1) méré peunteun (2) nguji sifat data (3) uji gain, jeung (4) uji hipotésis.

#### 3.7.1 Méré Peunteun

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

Hasil pratés jeung postés dipeunteun anu satuluyna bisa ditabulasikeun kana tabél di handap, tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa.

Tabel 3.4 Skor Pratés Kelas Eksperimen jeung Kelas Kontrol

No	Nomor Soal								$\Sigma$	%	Kategori
	1	2	3	4	5	6	7	8			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)	(12)
1											
2											
3											

Tabel 3.5 Skor Postés Média Kelas Eksperimen jeung Kelas Kontrol

No	Nomor Soal								$\Sigma$	%	Kategori
	1	2	3	4	5	6	7	8			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)	(12)
1											
2											
3											

Keterangan:

% = Peunteun

$\Sigma$  = Jumlah skor

Kategori: *Perséntase* > 80%, siswa dianggap **mampuh**.

*Perséntase* < 80%, siswa dianggap **can mampuh**.

## 3.7.2 Uji Sipat Data

### 3.7.2.1 Uji Normalitas

Mella lisyanti gustiar, 2013

Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

Tujuan diayakeunna uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal. Pikeun ngabuktikeun yén data téh miboga sipat anu normal henteuna ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $x^2$ ).

Léngkah-léngkah dina uji normalitas, nya éta:

- 1) Nyieun tabél frékuénsi peunteun

Tabél 3.6 Frékuénsi Peunteun

Skor (x)	F	f.x	f.x <sup>2</sup>
Σ			

- 2) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun prates jeung pascaté

$$\bar{X} = \frac{\sum f.x}{N}$$

- 3) Ngitung Standar Déviasi (SD)

$$SD = \sqrt{\frac{N(\sum f.x^2) - (\sum f.x)^2}{N(N-1)}}$$

(Sudjana, 1992: 95)

- 4) Ngitung Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ekspéktasi

Tabél 3.7 Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ekspéktasi

Kelas	Oi	Bk	Z	Z(tabél)	L	Ei	x <sup>2</sup>
-------	----	----	---	----------	---	----	----------------

Mella lisyanti gustiar, 2013

Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)




Léngkah-léngkahna di antarana:

a) Nangtukeun Jumlah Kelas

$$K=1+3,3 \log n$$

b) Ngitung Rentang ( $r$ )

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor}$$

c) Ngitung Panjang Kelas

$$p = \frac{r}{k}$$

d) Ngitung Z

$$Z = \frac{(bk - \bar{y})}{SD}$$

e) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval ( $L$ )

$$L = Z_s - Z_{-k \cdot s}$$

f) Ngitung frékuénsi obsérvasi ( $O_i$ )

g) Ngitung Frékuénsi Ekspéktasi

$$E_i = L \times N$$

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

h) Nangtukeun Chi Kuadrat ( $\chi^2$ )

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 1992: 273)

i) Nangtukeun Derajat Kebebasan

$$Db = k - 3$$

j) Nangtukeun Normalitas

Pikeun nangtukeun normal henteuna distribusi data, digunakeun kritéria saperti ieu di handap:

Upama  $\chi^2_{itung} < \chi^2_{tabél}$  hartina distribusina data normal

Upama  $\chi^2_{itung} > \chi^2_{tabél}$  hartina distribusina data teu normal

### 3.7.2.2 Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun homogénitas, léngkah-léngkah nya éta:

1) Nangtukeun skor variabel x masing-masing prates jeung pascatés

a) Variabel x pratés

Mella lisyanti gust  $\sum f x^2 = \dots\dots\dots$

Media audio visua  $\sum (f x^2) = \dots\dots\dots$

Kemampuan meny.....

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

b) Variabel x pascatés

$$\begin{aligned}\Sigma fx^2 &= \dots\dots\dots \\ \Sigma(fx^2) &= \dots\dots\dots\end{aligned}$$

2) Nangtukeun variasi masing-masing kelompok.

a) Variasi pratés ( $S1^2$ )

$$S1^2 = \frac{n \cdot \Sigma x^2 - (\Sigma x)^2}{n(n-1)}$$

b) Variasi pascatés ( $S2^2$ )

$$S2^2 = \frac{n \cdot \Sigma x^2 - (\Sigma x)^2}{n(n-1)}$$

3) Hasil tina variasi diasupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

4) Ngitung derajat kebebasan (db)

$$db_1 = n-1$$

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

5) Nangtukeun  $f_{tabel}$

6) Uji homogénitas

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kritéria ieu di handap:

$f_{itung} < f_{tabél}$  hartina variasi sampel homogén

$f_{itung} > f_{tabél}$  hartina variasi sampel teu homogén

### 3.7.3 Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun nangtukeun naha aya bédana antara pratés jeung pascatés. Tina ieu hasil uji gain, bisa meunang gambaran ngeunaan kumaha pangaruh média audio visual kana kamampuh ngaregepkeun dongéng.

Tabél 3.8 Uji Gain

No	Pratés	Postés	$\Sigma$	$d$	$d^2$

Mella lisyanti gustiar, 2013  
Media audio visual untuk meningkatkan

Kemampuan menyimak dongeng

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)

### 3.7.4 Uji Hipotésis

Uji  $t$  digunakeun pikeun nguji signifikansi béda dua rata-rata. Kalawan léngkah-léngkah di handap.

1. Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung pascatés

Tabél 3.9 Uji Jumlah Rata-rata Pratés jeung Postés

No	Pratés	Postés	$d$	$d^2$	$Xd$ ( $d-Md$ )

2. Nangtukeun béda mean pratés jeung pascatés kalawan ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

3. Ngitung derajat kebebasan (db) kalawan rumus:

$$db = n-1$$

(Sudjana, 1992: 293)

4. Ngitung  $t_{itung}$  kalawan rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

5. Nangtukeun hipotésis kalawan rumus:

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2006: 306)

Mella lisyanti  
Media audio  
Kemampuan

tkan

(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)



**Mella lisyanti gustiar, 2013**  
**Media audio visual untuk meningkatkan**

**Kemampuan menyimak dongeng**

**(Studi Kuasi Eksperimen di Kelas X SMA Negeri 1 Manonjaya Tasikmalaya Tahun Pelajaran 2012/2013)**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)